



Pou Piblikasyon Imedya: 03/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 850 MILYON DOLA FON POU
PWOGRAM TRAVAYÈ KI EKSKLI YO TE APWOUE POU DISTRIBISYON NAN
PREMYE MWA PWOGRAM NAN**

***Yo te deja bay 250 milyon dola benefis; Yon lòt 600 milyon dola ap nan
Verifikasyon Final pou Moun ki Aplike yo idantifye kòm moun ki kalifye yo ki pral
distribye nan fen mwa a***

***90,000 Nouyòkè te aplike pou Pwogram Travayè ki Ekskli a, ki bay soulajman
pou moun ki pèdi revni yo pandan pandemi an epi ki pa t kalifye pou lòt benefis***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Depatman Travay Eta New York la te apwouve plis pase 850 milyon dola benefis pou Pwogram Travayè ki Ekskli a pou distribisyon nan premye mwa aplikasyon pou pwogram lanse. Pami benefis sa yo, yo te gen tan bay 250 milyon dola, epi yon lòt 600 milyon dola nan vefikasyon final pou moun ki aplike yo idantifye kòm moun ki kalifye, ke yo prevwa distribye nan fen mwa a. Aplikasyon pou pwogram nan te lanse nan dat 1ye out 2021, nan 13 lang diferan, epi nan yon mwa, DOL (Department of Labor: Depatman Travay) Eta NY, te resevwa 90,000 aplikasyon, apeprè 50,000 nan yo te apwouve jiska prezan. Administratè fon yo te estime ke verifikasyon ak trètman an t ap pran sis a uit semèn nan kòmansman, men kolaborasyon ki pwòch pami divès ajans Eta yo te pèmèt pèman yo fèt pi bonè.

"Pandemi COVID-19 la pako fini, epi pandan n ap kontinye travay nou pou rekonstui epi rekipere, nou konnen moun yo toujou nan bezwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fon pou Travayè ki Ekskli a (Excluded Workers Fund, EWF) se yon kòd sovtaaj pou plizyè milye Nouyòkè ki te yon pati konplè nan kenbe eta nou nan fonksyonman pandan pi move moman nan pandemi an, epi se poutèt sa mwen te pouse pou asire ke nou jwenn lajan an pi rapid ke posib. Sa se yon premye pa enpòtan - pèman yo ap soti anvan lè ki te pwograme a pou bay moun sa yo soulajman finansye yo bezwen epi yo merite a. Mwen bat bravo pou defansè, òganizasyon kominotè ak Kò Lejislatif Eta a paske yo fè pwogram istorik sa tounen yon reyalite, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè ki kalifye pou aplike."

"Travayè sa yo te kanpe lè pandemi an te frape epi yo te fè New York kontinye avanse," **Kontwolè Jeneral Finans Eta New York la, Thomas P. DiNapoli te deklare.** "N ap fè pati pa nou pou verifye epi trete pèman yo rapidman pou benefisyè ki kalifye yo ka jwenn asistans yo bezwen an."

Fon pou Travayè ki Ekskli a te kreye pou pote soulajman finansye pou plizyè milye travayè eta a ki te pèdi revni yo pandan pandemi an epi ki pa t kalifye pou benefis COVID-19 gouvènman an te bay yo nan estad apwobasyon final yo.

Aplikasyon yo ka aplike anliy 24/7, epi sant apèl 600 moun ki pale plizyè lang DOL la disponib sèt jou sou sèt, soti 7 AM rive 7 PM. Pwosesis aplikasyon EWF la itilize teknoloji modèn, ki enkli yon asistan vityèl ki bay moun ki aplike yo estati aplikasyon yo atravè pwosesis la. Aplikasyon yo ka pale tou ak yon reprezantan oswa yo ka retounen yo apèl la nan 24 a 48 èdtan. Aplikasyon an ak yon dokiman Kesyon yo poze souvan disponib nan 13 lang diferan sou [Paj EWF Depatman Travay la](#).

Aplikasyon ki apwouve yo resevwa youn nan de montan benefis ki baze sou nivo dokimantasyon sou kalifikasyon travay yo bay la, anplis pou verifye idantite ak kote yo rete. Moun ki kalifye nan Nivo 1 yo resevwa 15,600 dola epi Moun ki kalifye nan Nivo 2 yo resevwa 3,200 dola. Jiska jodi a, plis pase 10,000 aplikasyon te apwouve pou resevwa finansman yo, avèk apeprè 40,000 anplis ki nan faz apwobasyon final la. Pami yo, 99 pousan te kalifye pou benefis Nivo 1. Aplikasyon ki apwouve yo resevwa pèman yon sèl fwa sou yon kat pre-peye yo voye nan adrès yo te bay nan aplikasyon an. Kat yo pèmèt retrè kach oswa acha kay komèsan yo.

Menm jan ak reklamasyon asirans chomaj yo, garanti ak deteksyon fwod ki entegre nan tout pwosesis verifikasyon an fèt pou asire ke fon yo ale jwenn aplikasyon ki kalifye yo, pa magouye.

DOL prevwa mete yon tablobdò nan tan reyèl disponib k ap bay dènye done pwogram EWF yo.

PWEN DONE:

- Depi 1ye out 2021, plis pase 90,000 Nouyòkè te aplike.
- Apeprè 250 milyon dola te deja distribye.
- Yon lòt 600 milyon dola nan pwosesis apwobasyon final
- Pami aplikasyon ki pa pale anglè nou resevwa jiska prezan, twa lang ki pi popilè yo se Espanyòl (32%), Chinwa (2.97%) ak Koreyen (1.1%).
- Yo te resevwa aplikasyon yo tou nan lang Arab, Bengali, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Polonè, Ris, ak Urdu.
- 54% nan travayè yo apwouve yo genyen ant 30 zan a 39 an.
- 10 premye konte pa aplikasyon ki apwouve yo
 - Queens - 30%
 - Kings - 17%
 - Bronx - 15%
 - New York - 7%
 - Nassau - 4%
 - Westchester - 4%
 - Suffolk - 4%
 - Richmond - 2%
 - Erie - 1%

- Monroe
- 10 Premye Kòd Postal yo
 1. 11368 - 4%
 2. 11373 - 3%
 3. 11220 - 3%
 4. 11355 - 3%
 5. 11377 - 2%
 6. 11372 - 2%
 7. 11354 - 1%
 8. 10458 - 1%
 9. 10467 - 1%
 10. 10468 - 1%

Komisè Depatman Travay NYS la, Roberta Reardon, te deklare, "Ajans nou an sou pwèn pou trete plis pase 90,000 aplikasyon konplètman pou yon premye pwogram nan peyi a nan kèk semèn. Mwen fyè de ekip la ki te travay san rete pou mete sou pye yon pwogram tou nèt nèt k ap ede plizyè dizèn milye fanmi Nouyòkè kounye a."

Senatè Eta a Jessica Ramos te deklare, "Soulajman an finalman vizib pou anpil nan santèn milye Nouyòkè atravè eta nou an ki te rete san sipò finansye pandan tout pandemi an, yon benediksyon ki tèlman nesèsè pou kominote moun koulè yo. Nou toujou ap travay pou fè Finansman antre tout moun ki te pèdi revni yo nan ane edmi ki pase a pandan chèk yo kòmanse rive lakay travayè ki ekskli yo, nou rekonesan paske yo kapab ratrape lwaye epi ede pitit yo prepare pi byen pou ane lekòl la."

Manm Asanble Carmen De La Rosa te deklare, "Fon pou travayè ki ekskli yo te pran nesans nan doulè ak dezespwa ke nou te temwen pandan kominote nou yo te ekskli nan èd gouvènman an pandan pandemi COVID-19 la. Finalman, soulajman ki tèlman nesèsè sa te rive jwenn fanmi yo atravè eta nou an. Nou enpasyon pou kontinye travay ak Gouvènè Hochul ak Depatman Travay la pou elimine baryè pou aksè epi asire ke kantite fanmi ki posib kapab benefisye nan fon an."

Bianca Guerrero nan kowalisyon Fon pou Travayè ki Ekskli yo, te deklare, "Aprè dizwi mwa pandemi COVID-19, kominote ki afekte yo finalman ap resevwa soulajman ijans yo dwe yo a. Lefè ke 90,000 travayè ki ekskli te aplike nan 30 premye jou yo demontre bezwen vital pwogram sa. Kowalisyon Travayè ki Ekskli a, ki konpoze ak 200 òganizasyon atravè Eta New York, fyè de òganizasyon travayè ki ekskli yo ak kominote yo ki mennen nan moman sa. Eta New York dwe kreye yon nouvo presedan pou dwa travayè imigran yo atravè peyi a. N ap kontinye kontwole mizanplas pwogram sa depre pou asire ke tout Nouyòkè ki kalifye yo aplike pou soulajman sa."

Manuel Castro, Direktè Egzekitif New Immigrant Community Empowerment (NICE), te deklare, "Pandan 18 mwa ki pase yo, nou te obsève nan premye plan devastasyon pandemi an te pote pou kominote imigran yo ak bezwen enòm yo fè fas kounye a. Pou rezon sa, pandan mwa ki pase a, NICE te akeyi klinik chak jou pou ede plizyè santèn travayè imigran ak fanmi yo aplike pou Fon Travayè ki Ekskli a, yon pwogram ki p ap sèlman sove lavi men k ap enpòtan pou rekiperasyon vil nou an. Lè

COVID-19 te frape, travayè imigran yo t ap fè travay esansyèl nan premye plan nan Vil New York, episan pandemi an. Men lè yo te pèdi travay yo, yo te ekskli yo nan tout kalite soulajman apre pandemi. Fon sa yo enpòtan anpil pou tout moun k ap travay di ak fanmi yo ki te tann padan plis pase yon lane epi ki te jwe wòl vital sa yo nan kominote nou yo."

Pete Meyers, Direktè Egzekitif nan Sant Travayè Konte Thompkins, te deklare, "Pèman ki soti nan Fon pou Travayè ki Ekskli yo ap bay soulajman finansye ki vital pou travayè k ap pote kwasans ekonomik nan kominote atravè eta a. Sa se bon bagay pou nou fè pou Nouyòkè sa yo ki te kontribye tèlman nan eta nou an, men ki pa t resevwa benefis lè yo te pèdi travay yo pandan pandemi an."

Richard Witt, Direktè Egzekitif nan Ministè Riral ak Migran (Rural and Migrant Ministry) te deklare, "Nou kontan pou wè benefis ki tèlman nesès sa yo prale jwenn travayè esansyèl nan tout Eta New York, ki atravè travay yo, te fè kontribisyon ki vital nan ekonomi nou an. Travayè agrikòl yo an patikilye te jwe yon wòl kle nan rekiperasyon eta nou an, epi nou te kanpe pou asire ke yo te trete yo ak diyite epi yo te ba yo sipò ki ekitab yo merite a."

Touswit apre yo te adopte lejislasyon EWF istorik la nan mwa Avril, DOL la te kòmanse fè patenarya depre ak reprezantan Fon pou Kowalisyon Travayè ki Ekskli a ak lòt ajans gouvènman ki sèvi popilasyon imigran yo pou asire ke pwogram sa ta ka fèt inikman pou reponn ak bezwen kominote l ap chèche benefisye yo. Lè li konprann ke anpil òganizasyon k ap travay depre ak kominote ki afekte yo fè fas ak resous ki limite, DOL te akòde plis pase 15 milyon dola sibvansyon nan fon sibvansyon an pou 75 òganizasyon kominotè (community-based organizations, CBO) ki san bi likratif atravè eta a pou bay èd, edikasyon, ak fòmasyon dirèk. Kominote patnè sa yo bay kontribisyon kle tou sou tout aspè pwogram nan, ki enkli devlopman règlemantasyon ki elaji kantite dokiman aplikan yo ka soumèt pou etabli ke yo kalifye ak pou aplikasyon an nan li menm.

Yon lis konplè CBO ki apwouve yo ki pare pou ede moun k ap aplike yo disponib sou dol.ny.gov/cbolist. Anplis sansibilizasyon patnè COB yo, DOL Eta NY la te lanse yon kanpay pwomosyon pou EWF la ki enkli anons an Anglè, Espanyòl ak Chinwa sou rezo sosyo, televizyon, radyo, jounal, metwo ak bis.

Y ap distribye benefis yo aktyèlman pou aplikan ki apwouve yo sou yon baz yo sèvi moun ki premye vini a, alò nou ankouraje Nouyòkè yo aplike pi bonè ke posib dol.ny.gov/ewf.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)